

# Lè W Ap Vizite Etablisman Nou yo

Mass General Brigham konprann ke vizitè yo ak moun ki bay sipò yo tèlman valab pou sante w ak byennèt ou. Sekirite pasyan nou yo, anplwaye yo ak kominote a enpòtan anpil pou nou.

Tout moun ki ta renmen vin vizite yo ak moun ki bay sipò (ki gen patnè nesans, paran/moun ki bay swen pasyan pedyatrik yo, avoka pasyan yo, ak moun ki deziyen sipò pou pasyan ki gen andikap yo ladan) ta dwe revize sit entènèt etablisman an pou plis detay anvan yo vizite.

- [Massachusetts General Hospital](#)
- [Brigham and Women's Faulkner Hospital](#)
- [Cooley Dickinson Hospital](#)
- [Martha's Vineyard Hospital](#)
- [Mass Eye and Ear](#)
- [McLean Hospital](#)
- [Nantucket Cottage Hospital](#)
- [Newton-Wellesley Hospital](#)
- [Salem Hospital](#)
- [Spaulding Rehabilitation Network](#)
- [Wentworth-Douglass Hospital](#)

## Zòn Pasyan Entène

Lopital Mass General Brigham yo pral pèmèt sèlman de(2) vizitè pou chak pasyan alafwa.

Yo konsidere Moun ki Bay Sipò yo anplis de vizitè pasyan yo.

*Nan kèk sikorans, etablisman yo ka bezwen mete restriksyon sou vizit plis pase sa ki anwo a.*

## Zòn Pasyan Ekstèn

Se yon vizitè pasyan oswa yon moun ki bay sipò ki pèmèt nan zòn pou pasyan ekstèn (zòn pou pasyan ki pa entène nan lopital la, pa egzanp, nan sal dijans, sal operasyon oswa pwosedi yo, oswa klinik yo).

*Tanpri sonje ke nan kèk sitiayson, nou ka bezwen limite vizitè yo pou asire sekirite pasyan yo ak anplwaye yo.*

## Tcheke Sentòm ou yo

**Tanpri ranvwaye vizit ou nan youn nan etablisman nou yo si:**

1. Ou devlope nenpòt nan sentòm sa yo:

- Lafyèv oswa frison
- Tous, konjesyon, oswa nen k ap koule
- Vomisman oswa dyare
- Nouvo gratèl sou po (ak lafyèv)

**OSWA**

2. Yo dyagnostike w ak oswa ou ekspoze a COVID-19 nan lespas 10 jou anvan yon randevou.

*Mizajou 3 me 2023*